**दिन—मंगलवार** **दिनांक—21.04.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आइ नव दिल्ली में प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सँ भेट कयलनि। दुनू नेताक मध्य विभिन्न मुद्दा पर चर्चा भेल। मुख्यमंत्री पद के शपथ लेबाक बाद सम्राट चौधरीक ई पहिल दिल्ली यात्रा अछि। हुनक गृहमंत्री अमित शाह सहित एनडीए के आन वरिष्ठ नेता सभ सँ सेहो भेट करबाक कार्यक्रम अछि।

---

जदयूक वरिष्ठ नेता श्रवण कुमार के विधायक दलक नेता चुनि लेल गेल अछि। पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष आ पूर्व मुख्यमंत्री नीतीश कुमार श्रवण कुमार के नाम पर सहमति देलनि। विधानसभा अध्यक्ष डॉक्टर प्रेम कुमार श्रवण कुमार के जनता दल युनाइटेड के विधायक दलक नेता चुनल जयबा सँ संबंधित पत्र के स्वीकृति प्रदान कऽ देलनि अछि। ध्यातव्य अछि जे काल्हि पटना मे भेल जदयू विधायक दलक बैसक मे नीतीश कुमार के दल के नेता चुनबाक जिम्मेदारी सौंपल गेल छल। श्रवण कुमार नालंदा विधानसभा क्षेत्र सँ लगातार आठम बेर विधायक निर्वाचित भेलाह अछि। ओ राज्य कैबिनेट मे ग्रामीण विकास, कृषि, परिवहन सहित विभिन्न विभागक जिम्मेदारी सम्हारलनि अछि। बिहार विधानसभा अध्यक्ष डॉक्टर प्रेम कुमार पूर्व मंत्री श्रवण कुमार के जदयू विधायक दलक नेता चुनल जाएबा पर बधाई आ शुभकामना देलनि।

---

उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी कहलनि जे कांग्रेसक वरिष्ठ नेता राहुल गांधी गैर—जिम्मेदार व्यक्ति छथि आ हुनक वक्तव्य के कियो गंभीरता सँ नहि लैत अछि। श्री चौधरी पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप करैत कहलनि जे महिला आरक्षण के विरोध करयवला नेता सभक राजनीति देश के पांछा लऽ जाएवला अछि। ओ कहलनि जे समय अयबा पर जनता हिनका सभ के जवाब देत।

---

राष्ट्रीय लोक मोर्चा महिला आरक्षण सँ संबंधित एक सय एकतीसम संविधान संशोधन विधेयक पारित नहि होयबाक लेल विपक्षी दल सभ के जिम्मेदार ठहरौलक अछि। पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष उपेन्द्र कुशवाहा विपक्षी दल सभक विरूद्ध धिक्कार–मार्च निकलबाक घोषणा कयलनि अछि। पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप करैत श्री कुशवाहा कहलनि जे बाईस अप्रील कऽ पार्टीक कार्यकर्ता राज्यक सभ जिला मुख्यालय मे विरोध मार्च निकालताह। एहि दरमियान कांग्रेस आ राजद सहित सभ विपक्षी दल के महिला विरोधी रवैया सँ लोक सभ के अवगत कराओल जायत।

---

सिविल सेवा दिवस के अवसर पर आइ देश– प्रदेश मे कतेको कार्यक्रम आयोजित कयल गेल अछि। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु, उप राष्ट्रपति सी.पी. राधाकृष्णन आ प्रधानमंत्री नरेंद मोदी सभ सिविल सेवक के शुभकामना देलनि अछि। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सिविल सेवक सभ के बधाई दैत कहलनि जे हुनक अथक प्रयास आओर जनसेवा सँ देश आ राज्यक विकास संभव भऽ सकत।

---

केन्द्र सरकार प्रधानमंत्री मुद्रा योजनाक अंतर्गत आठ सय साठि टाकाक अनुबंध शुल्क पर सात लाख टाकाक ऋण देबाक दावा करयवला फर्जी स्वीकृति पत्रक खंडन कयलक अछि। पत्र सूचना कार्यालय–पीआईबीक तथ्य जाँच इकाई एहि पत्र के फर्जी जनौलक अछि। कार्यालय स्पष्ट कयलक जे सूक्ष्म इकाई विकास आ पुनर्वित्त एजेंसी, मुद्रा, सूक्ष्म उद्यमी या व्यक्ति सभ के सोझे ऋण नहि दैत अछि।

---

बिहार लोक सेवा आयोग आशुलिपिक के रिक्त पद पर नियुक्तिक लेल नओ मई कऽ होबयवला लिखित वस्तुनिष्ठ परीक्षाक कार्यक्रम मे बदलाव कयलक अछि। आब ई परीक्षा एगारह जून कऽ आयोजित कयल जायत। ओतहि आयोग सहायक नगर निवेशक के नओ मई कऽ होबऽवला परीक्षा एगारह जून कऽ आयोजित कयल जायत। ओतहि आयोग सहायक नगर

निवेशकक नओ मई कऽ होबऽवला परीक्षा के अगिला आदेश धरिक लेल स्थगित कऽ देल गेल अछि।

———————————————————————————————

राजधानी पटना सहित प्रदेशक दक्षिण आ उत्तर–पश्चिम भाग भीषण गर्मीक चपेट मे अछि। रोहतास, कैमूर, गया, औरंगाबाद सहित कतेको जिला मे लू एहेन स्थिति बनल अछि। पटना मे सेहो तापमान चालीस डिग्री सेल्सियस के पार कऽ गेल अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक जे अगिला दू सँ तीन दिनक दरमियान राज्यक उत्तर–पश्चिम, दक्षिण–पश्चिम आ दक्षिण–मध्य भाग मे कतेको ठाम अधिकतम तापमान मे सामान्य सँ दू सँऽ तीन डिग्री सेल्सियस धरिक वृद्धि होयबाक संभावना अछि।

———————————————————————————————

सुपौल जिलाक सदर प्रखंड अंतर्गत बंसबिट्टी गाम मे पोषण पखवाड़ाक अंतर्गत संतुलित भोजनक महत्त्व पर चर्चाक आयोजन कयल गेल।

———————————————————————————————

समाप्त भेल।